



Pou Piblikasyon Imedya: 08/07/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE RESÈT FISKAL REKÒ ETA NEW YORK SOU PARI ESPÒTIF MOBIL YO

Nan mwens pase sis mwa, Eta New York te kolekte 302.3 milyon dola nan resèt fiskal sou pari espòtif mobil - sa ki lajman depase nenpòt lòt eta epi ki depase previzyon yo

Bally Bet - nevyèm ak dènye operatè ki pral ofri pari espòtif mobil nan New York - deja kòmanse operasyon yo

Resèt fiskal la te reyenvesti nan edikasyon, sibvansyon pou pwogramasyon espò pou jèn ak sèvis prevansyon, tretman ak rekiperasyon pou pwoblèm jwèt aza

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke nan mwens pase sis mwa operasyon, pwogram pari espòtif mobil New York la lajman depase tout lòt eta, ansanm ak pwojeksyon revni Divizyon Bidjè a pou ane fiskal 2022 a. Dapre done Eta New York, Eta a te pwodwi plis pase 302 milyon dola nan revni fiskal nan pari espòtif mobil depi 8 janvyè 2022 - ak tout montan an te ale nan direksyon èd pou edikasyon, espò pou jèn ak pwogram jwèt aza ki responsab. Anplis de sa, nevyèm ak dènye operatè nan Eta New York la - Bally Bet - te otorize pou aksepte pari nan dat 7 jiyè, sa ki fè dènye tantativ Empire State la nan reglemante jwèt aza yon fason ki konplètman operasyonèl.

"Nan sis mwa sèlman, New York deja tounen lidè pami eta yo nan aplike règleman sou jwèt ki reyisi, kote plizyè santèn milyon dola prale nan pwogram enpòtan ki pral amelyore lavi tout Nouyòkè yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Dènye lansman dènye operatè pari espòtif New York la pral bay revni enpòtan pou pwogram edikasyon, pwogram espòtif pou jèn yo, ak sipò pou pwoblèm jwèt aza. Mwen espere kontinye adopte règleman sou jwèt aza responsab ki ofri amizman enteresan pou Nouyòkè ki gen laj legal yo - tout ak sekirite enpòtan ki an plas pou ede moun ki bezwen li."

Dapre rapò yo, New York te kolekte plis nan resèt pari espòtif nan sek mwa pase revni total pari espòtif yo—alafwa mobil ak nan lokal—ke nenpòt lòt eta te pwodwi pandan plizyè ane. Jiska me 2022, Pennsilvani te kolekte 265.6 milyon dola nan revni fiska sou pari espòtif depi novanm 2018, epi New Jersey te jenere 237.1 milyon dola depi jen 2018.

Nan mwa janvyè, Eta New York te prevwa 249 milyon dola nan revni fiskal sou pari espòtif mobil (ki gen ladan 200 milyon dola nan frè lisans ki deja kolekte) nan Ane Fiskal 2022, alòske koleksyon total yo te 361 milyon dola (ki gen ladan 200 milyon dola nan frè lisans yo). Apati avril, Eta New York prevwa 357 milyon dola nan Ane Fiskal 2023, 465 milyon dola nan Ane Fiskal 2024 la, 493 milyon dola nan Ane Fiskal 2025 lan, 509 milyon dola nan Ane Fiskal 2026 la ak 518 milyon dola nan Ane Fiskal 2027 la.

Direktè Egzekitif Komisyon Jwèt Eta New York la, Robert Williams, te deklare, "Gras ak lidèchip Gouvènè Hochul, Eta New York te etabli tèt li kòm lidè nan pari espòtif yo nan sis mwa sèlman. Chif yo ak delè a montre klèman ke modèl New York la te byen pwofite eksitasyon nan pari espòtif yo epi li kontinye maksimize potansyèl li."

Avèk aparisyon pri espòtif mobil yo, Komisyon Jwèt Eta New York la, patnè li yo nan Patenarya pou Jwèt ki Responsab, ak espas jwèt yo te angaje nan evènman pwo-aktif, enfòmatif ak sansibilizasyon pou ankouraje jwèt aza ki responsab.

Komisè Biwo Sèvis ak Sipò pou Depandans (Office of Addiction Services and Supports, OASAS) Eta New York la, Chinazo Cunningham, te deklare, "Nou pa ka tann enpak pozitif revni sa a pral genyen sou elajisman sèvis prevansyon, tretman, rediksyon domaj ak rekiperasyon pou pwoblèm jwèt aza. Lajan adisyonèl sa yo pral pèmèt OASAS amelyore efò pou anpeche pwoblèm jwèt aza ak rive jwenn plis moun ak depistaj ak sèvis tretman nan tout zòn yo nan Eta New York."

Resèt fiskal pari espòtif mobil New York la reyenvesti nan edikasyon elemantè ak segondè ak sibvansyon pou pwogramasyon espòtif pou jèn, ansanm ak prevansyon, sèvis tretman ak rekiperasyon pou pwoblèm jwèt aza. Anplis de sa, eta a te kolekte 25 milyon dola nan frè lisans apati uit founisè platfòm pari espòtif mobil, ki bay an total 200 milyon dola anplis pou eta a. Tout resèt sou frè lisans yo te deja ale nan edikasyon.

Senatè Eta Joseph P. Addabbo Jr. te deklare, "Eta New York te deja depase tout atant lè li depase nenpòt nan konpetisyon nou yo nan tèren pari espòtif mobil la nan sèlman yon kout peryòd sis mwa. Se paske nou bay fanatik solid New York la bon jan kalite pari mobil ki soti nan men founisè devwe yo, ki fè li vin yon priyorite pou bay kliyan yo yon eksperyans ki pi wo nan aplikasyon yo. Epi ak Bally Bet kounye a k ap vini sou entènèt la, pral gen plis konpetisyon menm nan mache sa a k ap grandi a. Siksè pari espòtif mobil reglemante New York pèmèt rezidan li yo pou yo fè pari yo an sekirite nan pwòp eta pa yo. Mwen kontan pou m kontinye fè New York avanse sou wout li pou plis finansman pou edikasyon menm, pwogram espòtif pou jèn yo ak konsyantizasyon ak sipò sou depandans fas ak jwèt aza."

Manm Asanble Gary Pretlow, te deklare, "Pa te gen okenn dout nan tèt mwen lè nou te mete ansanm plan lejislatif Pari Espò Mobil la ki sa rezilta a t ap ye. Mwen te gade sa New Jersey t ap fè, epi mwen te konnen ke yon gwo pati nan siksè yo te baze sou

Nouyòkè yo ki te travèse liy eta a. Mwen te wè sa kòm yon opòtinite pou kenbe plis revni fiskal epi fè New York vin pi gwo mache pari nan Etazini. Sa a se yon gwo rekonpans pou Eta a pandan n ap kontinye jwenn lajan pou edikasyon, espò jèn yo ak pwoblèm jwèt aza."

Dapre GeoComply, yon antrepriz lojisyèl pari espòtif yo itilize pou asire egzijans jewolokalizasyon yo, plis pase 2.9 milyon kont jwè inik te kreye depi janvyè, sa ki mennen nan plis pase 707 milyon tranzaksyon.

Pou Ane Fiskal 2023 ak chak ane apre, resèt yo ki soti nan pari espòtif mobil ap distribiye konsa: 5 milyon dola pou finanse pwogram espò yo pou jèn defavorize yo, 6 milyon dola pou finanse edikasyon ak tretman pou pwoblèm jwèt aza ak rès majorite a pou ede nan edikasyon.

Chak vandredi, Komisyon Jwèt Aza Eta New York la pibliye rapò pari espòtif mobil chak semèn ki soti an men tout operatè li yo [sou entènèt isit la](#).

Règleman komisyon an egzije operatè yo pou anpeche jwèt aza pou moun ki minè, bay moun k ap parye yo disponiblite pou enpoze limit sou depans, epi bay enfòmasyon sou risk ki asosye ak jwèt aza ak siy pwoblèm jwèt aza. Nouyòkè yo ki gen difikilte avèk pwoblèm jwèt aza yo oswa ki konnen yon moun ki genyen pwoblèm nan jwèt aza, ka rele liy telefòn gratis ak konfidansyèl Eta a, HOPEline nan 1-877-8-HOPENY (1-877-846-7369) oswa lè yo voye mesaj tèks bay HOPENY (467369). Nouyòkè yo ka kontakte tou Sant Resous Rejyonal sou Pwoblèm Jwèt Aza nan: <https://nyproblemgamblinghelp.org/>.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418